

Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN  
MILTIFONKSYON KI KOUTE 28 MILYON DOLA A NAN PEEKSKILL**

***Lofts on Main Ap Konbine 75 Nouvo Kay Ki A Pri Abòdab ak Espas Komèsyal Nan  
Etaj Chose a pou Revitalize Distrik Atistik Anba Lavi Peekskill***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti Lofts on Main, ki se yon pwojè devlopman lojman miltifonksyon ki koute 28 milyon dola nan distrik atistik anba lavil Peekskill. Pwojè devlopman ki fèk fin konstwi an ap ofri 75 apatman pou atis ak abitan lokal yo ki gen yon varyete nivo revni, ansanm ak 7,200 pye kare espas komèsyal nan etaj chose a.

"Plan lojman 20 milya dola New York lan ap kontinye kreye katye ki dinamik kote moun New York yo vle viv, travay epi jwe", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Apati konbinezon lojman ki a pri abòdab ak nouvel espas komèsyal yo, Lofts on Main ap revitalize Main Street Peekskill epi konstwi yon ekonomi lokal ki pi djanm nan Rejyon Mid-Hudson lan pou tout moun pwofite de li."

"Peekskill te vin yon destinasyon pou atis ki te transfòme eksperyans anba lavil lan pandan plis pase yon dekad", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi te di.** "Nouvo Lofts on Main lan se plis ke jis yon batiman - se yon rekonesans ke pent, fotograf, mizisyen ak plis moun ankò ap anrichi sosyete nou an pandan ke yo atire touris ak vitalite ekonomik. Investisman sa a nan lojman ki a pri abòdab ak espas komèsyal yo pral fè vanse pi plis dinamis nan distrik atistik lan epi kontinye pwogrese nan rejyon Mid-Hudson lan."

Lofts on Main fè pati Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk an Gouvènè Cuomo genyen pou rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo ap konstwi oswa prezève plis pase 100,000 lojman ki a pri abòdab ak 6,000 lojman ki ap ofri sèvis sipò. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman pou divès fanmi, ak pou yon sèl fanmi, ak devlopman lojman kominotè. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal, HCR) te envesti plis pase 846 milyon dola nan rejyon Mid-Hudson ki te kreye oswa prezève lojman ki a pri abòdab pou prèske 28,800 rezidan.

Lofts on Main konpoze pa de batiman ki gen kat etaj ki gen 49 apatman ki gen yon sèl chanm a kouche ak 26 apatman ki gen de chanm a kouche nan modèl swit yo. Gen douz apatman ki rezève pou moun ki gen andikap fizik yo. Konsèy Aksyon pou Lojman an (Housing Action Council) pral bay referans ak sèvis pou abitan yo ki gen andikap fizik yo.

Senkant nan apatman yo pral disponib pou fanmi ki gen revni ki nan oubyen ki pi ba pase 50 pousan revni mwayen zòn nan ak yon preferans pou atis yo. Sis nan apatman yo pral disponib pou fanmi ki gen revni ki nan oubyen ki pi piti pase 90 pousan revni mwayen zòn nan, epi 18 apatman pral disponib pou fanmi ki ap touche 100 pousan oswa mwens ke sa de revni mwayen zòn nan. Yon apatman ki gen de chanm a kouche ap sèvi kòm yon kay sou plas pou sipè-entandan.

Lofts on Main gen kat espas komèsyal nan etaj chose yo ki okipe pa Ty's Bread Basket BakeShop, The Evolution Gallery, Nourish Hair & Body Salon ak Green's Natural Foods.

Ekipman batiman yo gen ladan yo yon espas galri ki nan sal prensipal la pou atis abitan yo pou ekspozisyon travay yo, ak de espas pratik estidyo/pèfòmans yo. Genyen yon gwo lakou ki ant de batiman yo ki disponib kòm espas pèfòmans ak reyinyon. Ekipman batiman adisyonèl yo gen ladan yon sal pou fè lesiv, sal pou fè egzèsis, sal kominotè ak tèras sou tèt kay yo ki gen vizyèl sou Rivyè Hudson lan. Lofts on Main te elabore ak divès fonksyon ki pa konsome anpil enèji yo tankou aparèy menaje ki klase EnergyStar yo ak sistèm chofaj, rafrechisman ak vantilasyon ki efikas anpil yo.

Sitiye sou Main Street ant Division Street ak Nelson Street, Lofts on Main a yon distans a pye de Meri Vil la (City Hall), bibliyotèk piblik la ak estasyon tren Metro North lan. Anba Lavil Peekskill te eksperimente yon renesans pandan 15 ane ki sot pase yo, epi vin tounen yon santral ak destinasyon rejyonal pou èv atistik yo ak divètisman. Antan ke lakay Paramount Theatre, divès kafe, galri atistik yo, restoran ak lokal mizik yo, Vil Peekskill ap favorize yon kominote atistik ki ap pwospere ki bezwen lojman ki a pri abòdab.

Finansman leta pou devlopman an te gen ladan Kredi Fiskal Lokatif pou Moun Ki Gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) eta ak federal yo ki te jenere 10.9 milyon dola nan ekite ak 5.2 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan. Ajans Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York lan (New York State Energy Research and Development Agency, NYSERDA) te bay 187,500 dola epi Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan te bay kredi lokatif pou tèren endistriyèl potansyèl ki te jenere 3.7 milyon dola nan ekite. Kòporasyon Prezèvasyon Kominotè a (Community Preservation Corporation) te bay yon prè 15.5 milyon dola pou konstwizyon ak yon prè 6.8 milyon dola pèmanan ki asire pa SONYMA. Devlopè pwojè a te Kearney Realty and Development.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, te deklare,** "Gouvènè Cuomo konprann ke lè nou konbine lojman ki a pri abòdab ki gen espas pou lavant an detay nan etaj chose a, nou ap retounen aktive koridò komèsyal Main Street yo pou kreye katye ki dinamik, kote moun ka mache yo. Nan bay lojman ki a pri abòdab ak espas travay pou atis yo, Lofts on Main ap konstwi repitasyon Peekskill kòm yon santral atistik rejyonal epi bay bourad a ekonomi lokal la. Se yon sityasyon gayan-gayan pou tout pati ki enplike yo. Felisitasyon a tout patnè nou yo poutèt achèvmman bèl nouvo devlopman sa a".

**Alicia Barton, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** "Lofts on Main demontre wòl kle ke efikasite enèjetik ka jwe nan kreye espas miltifonksyon yo ki ap bay kalite ak konfò pou abitan yo ki ap viv epi travay la a, pandan ke yo ap redwi degajman gaz ki danjere yo epi fè nou pwogrese pou rive akonpli objektif enèji pwòp agresif New York yo. Nan kad kalandriye enèji pwòp ak klimatik Gouvènè Cuomo genyen ki ap mennen nan nasyon an, moun New York yo atravè eta a ap wè avantaj tanjib ki ap amelyore mòd lavi yo epi diminye fakti enèjetik yo".

**Komisè DEC Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Devlopman Lofts on Main se yon egzanp ki ap briye sou sa ke DEC espere akonpli atravè sipèvizyon rigoure nou sou Pwogram Netwayaj Tèren Endistriyèl Potansyèl yo (Brownfield Cleanup Program), ki ap retounen mete espas ki te kontamine anvan yo nan itilizasyon pwodiktif atravè Eta a. Nou fyè pou nou wè ke Pwogram Netwayaj Tèren Endistriyèl Potansyèl yo ap pwoteje sante piblik ak anviwònman an epi benefisye a kominote Peekskill lan nan pwosesis la".

**Senatè Pete Harckham te deklare,** "Lofts on Main se modèl pwojè lojman miltifonksyon ki a pri abòdab ki pral ede kontinye revitalize sant vil Peekskill, pandan ke li ap asire ke abitan ki gen revni fèb yo ak moun ki gen andikap fizik yo pa deplase kite zòn nan. Nan bay apatman pou moun viv/travay nan kè vil la, devlopè a ak vil lan ap asire yon sant vil ki dinamik. Se sa bon jan planifikasyon ak finansman leta ka ede akonpli".

**Manm Asanble a Sandy Galef te deklare,** "Li enpòtan anpil pou nou gen lajan leta ki alwe nan lojman ki a pri abòdab yo pou kominote yo ki nan distrik mwen an. Pwojè konsiderab sa a pral ede fasilite kominote atistik lan ki nan Peekskill, ki te kontribiye nan yon konpozan ki espesyal anpil nan lavi vil lan".

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare,** "Peekskill ap devlope pou vin pi djanm, epi lè anba lavil nou yo pwospere Peyi nou an ap pwospere. Apati konstwiksyon yon devlopman miltifonksyon ki dedike a atis ak abitan lokal nou yo ki gen tout nivo revni yo, nou ap bay plis opòtinite pou tout moun rele Konte Westchester lakay yo".

**Majistra Peekskill la Andre Rainey te deklare,** "Lofts on Main ap kreye plis bon jan kalite opsyon lojman pou abitan lokal yo pandan ke yo ap sipòte tou kwasans ak aktivite ekonomik sou tout wout Main Street lan ki bò isit la nan anba lavil Peekskill. Nou fyè de repitasyon ke Peekskill genyen antan ke yon kominote atistik ki enklizif epi ki dinamik. Nou rekonesan anvè tout patnè eta ak lokal nou yo poutèt yo te travay ansanm ak Vil Peekskill pou bay bèl nouvo devlopman sa a. Felisitasyon a tout moun".

**Rafael E. Cestero, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan CPC, te deklare,** "Lojman se kolòn vètebral kominote ki djanm, ki dinamik epi nou te wè yo mete sa an aksyon isit la nan Peekskill. Pandan plizyè ane, CPC te fè patenarya ak kominote a pou finansman pwojè lojman miltifonksyon ki te ede favorize revitalizasyon li antan ke yon sant ki ap pwospere pou èv atistik yo. Nou kontan anpil poutèt nou te gen opòtinite pou ede transfòme espas ki te vid anvan sa a pou vin yon resous lojman ki a pri abòdab ak espas atistik ki aktif pou kominote Peekskill lan. Mwen voye remèsiman bay Gouvènè Cuomo, HCR, Kearney Realty, ansanm ak patnè nou yo ki nan Westpath Benefits and Investments".

**Ken Kearney, ki se Direktè Prensipal Kearney Realty and Development, te deklare,** "Lofts on Main te youn nan premye devlopman ki te itilize Pwogram Lojman pou Moun ki gen Revni Mwayen (Middle Income Housing Program) inovatif nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan. Finansman sa a konbine ak kredi Lojman ak Tèren Endistriyèl Potansyèl yo ansanm ak finansman prive ki soti nan CPC yo te bay finansman ki nesèsè pou pwodwi pwojè revitalizasyon anba lavil ki gen anpil enpak sa a. Nou remèsye tout patnè nou yo ki ap vin rejwenn nou jodi a pou selebre gran ouvèti Lofts on Main".

**Rose Noonan, ki se Direktris Egzekitif Konsèy Aksyon pou Lojman an, te deklare,** "Konsèy Aksyon pou Lojman an kontan selebre ouvèti Lofts on Main ki ap non sèlman ofri lojman ki a pri abòdab pou atis yo men tou kontribiye nan kwasans ak antouzyas anba lavil Peekskill".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)